

**COMMONWEALTH MASSACHUSETTS
DEPATMAN SANTE MANTAL**

NOTIFIKASYON TRANSFÈ
M.G.L. Chapit 123, Seksyon 3

POU: Non Pasyan: _____

Adrès: _____ Vil/Lokalite: _____ Eta: _____

Dat Nesans: _____ Sèks: Gason ☐ Fanm ☐

SOTI NAN: Sirentandan (oswa lòt responsab) _____
(non etablisman)

Aprè revizyon bezwen ou pou swen ak tretman, yo te detèmine ke yo ta dwe transfere ou bay

_____ pou rezon sa yo:
(non etablisman)

Konfòmman ak M.G.L. C. 123, s. 3, m ap ba w omwen avi sis jou sou entansyon pou transfere ou. Yo pral transfere ou nan _____ oswa osito nan pita jan _____
(dat transfè)

yo ka fè aranjman apwopriye.

ESTATI ADMISYON OSWA ANGAJMAN OU SE M.G.L. C. 123, s. _____. TOU DEPANN DE ESTATI OU, SA ANNAPRE YO APLIKAB POU OU (tcheke A., B., C., D. oswa E., anba a):

A. ESTATI ADMISYON VOLONTÈ (M.G.L. c. 123, ss. 10 ak 11): Si ou nan etablisman sa nan yon ESTATI ADMISYON VOLONTÈ, ou ka dakò oswa rejte transfè sa. Sof nan ka ijans, transfè a ka pa fèt san akò ou. Ou ka anile egzijans avi sis jou davans lan. *Tcheke liy apwopriye a epi siyen sou do avi sa a.*

B. ESTATI ADMISYON VOLONTÈ KONDISYONÈL (M.G.L. c. 123, ss. 10 & 11):

1. Si ou nan etablisman sa nan yon ESTATI ADMISYON VOLONTÈ KI KONDISYONÈL epi dakò avèk transfè a, transfè w la ap fèt jan sa ye anwo a. Ou ka anile egzijans avi sis jou a. *Tcheke liy apwopriye a epi siyen sou do avi sa a.*

2. Si ou nan etablisman sa sou ESTATI ADMISYON VOLONTÈ KI KONDISYONÈL epi bay avi sou objeksyon ou pou transfè sa, swa alekri oswa vèbal, mwen pral swa:

a. kenbe ou nan etablisman sa; oswa

b. trete objeksyon an kòm avi twa jou ou pou kite etablisman an epi ranvwaye w nan kominote a; oswa

c. trete objeksyon sa kòm avi twa jou ou pou kite etablisman an epi depoze yon petisyon pou angajman ou nan etablisman sa, si yo detèmine ou satisfè estanda pou aganjman an. Si yo òdone angajman ou, y ap transfere w nan jou annapre angajman ou an oswa osito yo ka fè aranjman apwopriye annapre. (Nan ka yon ijans, yo ka transfere ou touswit epi petisyon angajman an pral depoze nan tribinal avèk jiridiksyon sou etablisman an ke yo transfere ou a.)

Ou ka, men pa oblije, tcheke liy apwopriye a ak siyen do avi sa pou endike objeksyon ou nan transfè sa.

C. ESTATI ANGAJMAN SIVIL (M.G.L. c. 123, s. 7 & 8): Si ou nan etablisman sa nan yon ESTATI ANGAJMAN SIVIL, y ap transfere ou, jan sa mansyone nan avi sa, yon fwa egzijans avi sis jou a satisfè. Si ou dakò anile egzijans avi sis jou a, y ap transfere ou osito aranjman kapab fèt. *Tcheke liy apwopriye a epi siyen avi sa anba a.*

D. ESTATI ANGAJMAN TWA JOU (M.G.L. c. 123, ss. 12(b) oswa 12(e): Si ou nan etablisman sa nan yon ESTATI ANGAJMAN TWA JOU epi ou:

1. dakò ak transfè a, transfè ou ap fèt jan sa mansyone nan avi sa. Si ou dakò anile egzijans avi sis jou a, y ap transfere ou osito aranjman kapab fèt. *Tcheke liy apwopriye a epi siyen avi sa anba a.*

2. konteste transfè a, mwen pral swa:

a. ranvwaye w nan kominote ou a nan dat oswa anvan dat ekspirasyon otorizasyon angajman twa jou a; oswa

b. depoze yon petisyon angajman. Si yo detèmine ou satisfè estanda pou angajman an epi yo òdone angajman ou, y ap transfere w nan jou annapre angajman ou an oswa osito yo ka fè aranjman apwopriye annapre.

Ou ka, men pa oblije, tcheke liy apwopriye a ak siyen do avi sa pou endike objeksyon ou nan transfè sa.

E. ESTATI ANGAJMAN SIVIL AVÈK CHAJ KRIMINÈL (M.G.L. c. 123, ss. 15, 16, 17 oswa

18): Si ou nan etablisman sa nan yon ESTATI ANGAJMAN SIVIL AVÈK CHAJ KRIMINÈL, y ap transfere ou yon fwa egzijans avi sis jou a ak nenpòt egzijans sou avi Tribinal la, Biwo Pwokirè Distri a ak/oswa etablisman Depatman Koreksyon yo, ki gen jiridiksyon sou ka ou a, te satisfè. Ou ka anile avi sis jou a. *Tcheke liy apwopriye a epi siyen avi sa anba a.*

☐

Transfè sa ap (te) fèt touswit sou baz ijans, jan sa defini nan 104 CMR 27.08

(1) akòz sa kondisyon ou pa kapab trete kòmsadwa nan etablisman sa, espesyalman: espesyalman:

Siyati Sirentandan (oswa lòt responsab) etablisman an _____
(siyati)

Sirentandan etablisman an _____
(non an lèt detache)

Tit: _____ Dat: _____

Mwen te resevwa avi entansyon etablisman an pou transfere mwen epi mwen:

☐

dakò ak transfè sa ki pwopoze a.

☐

dakò ak transfè sa ki pwopoze a epi anile avi sis jou egzijans transfè a. Konteste transfè

☐

sa ki pwopoze a.

Siyati: _____
(pasyan oswa paran yon minè) (dat)

Temwen: _____

***** Si

pasyan an refize siyen, ranpli anba a.

Nan dat sa, mwen te bay kopi avi sa ak pasyan ke yo adrese li avi a:

(siyati)

(dat)

YO DWE BAY AVI SA AK PARAN AN, RESPONSAB PASYAN AN, SI GENYEN, AK NENPÒT FANMI PASYAN AN AMWENSKE PASYAN KONTESTE SA LI MENM. AVI ORIJINAL LA, AVÈK DOKIMAN SOU ESTATI LEGAL ORIJINAL PASYAN AN KI ANEKSE A, DWE ALE NAN DOSYE MEDIKAL PASYAN AN NAN ETABLISMAN K AP RESEVWA LI A. ETABLISMAN K AP VOYE LI A DWE KENBE KOPI YO POU DOSYE PASYAN LI AN.

Haitian Creole – translated 7/20/22